

# KREDO MKN MOUVMAN KILTI NATIF

Yon mouvman konsekan pou pwomosyon kilti ayisyen an Kreyòl

Blag –Blagè	Dans—Dansè	Desen—Desinatè	Ekriti—Ekriven
Èskilti—Èskiltè	Foto—Fotograf	Mizik—Mizisyen	Penti-Pent
Pwezi-powèt	Teyat—Aktè		

*Idantite kiltirèl yon pèp chita sou fondasyon egzistans limenm menm kòm pèp*

## **ONÈ RÈSPÈ !**

Aprè pliske desanjan, Kreyòl la afiche tèt li anfen kòm sadwatèt ak tout fyète e tout glwa li merite kòm lang ofisyèl pèp Ayisyen, yon pèp vanyan ki p ap janmen sispann lite pou libète li, men sitou pou li viv byen sou latè beni.

Deklarasyon ofisyèl ... se yonn. Edike tout pèp la, nan tout kwen peyi Dayiti pou louvri lèsprè li, e sa ki pi bèl la, pèmèt li selebre kilti li, tradisyon li, kwayans li alawonnbadè san jouman, san yo pa denigre li... se de.

Nan ka sa, chak moun Konsekan, chak atis Konsekan, nan Mouvman Kilti Natif sa, ki yon Mouvman Konsekan tout bon vre, ki rele li MKN (Mouvman Kilti Natif) oubyen MK (Mouvman Konsekan) si nou vle, dwe kanpe nan zòn kote l pa viv la pou selebre e pataje

## **KREDO MKN MOUVMAN KILTI NATIF**

talan li ak tout moun nan zòn li dabò, tout peyi Dayiti apre e lemond antye pi devan.

Inisyativ nou nan eta peyi Dayiti ye la pa dwe depann ni de Leta, ni de gouvènman. Fòk nou klè sou sa : si Leta ak Gouvènman k ap dirije Leta te pran responsabilite yo pou peyi Dayiti, pèp Ayisyen pa ta nan soufrans li ye nan jounen jodiya.

Libète pa libètinaj. Nou konsyan de eta depravasyon, imoralite k ap ravaje peyi Dayiti. Se vre nou pa la pou sansire kreyativite yon atis, sepandan MKN refize kategorikman plonje jenès Ayisyen an nan imoralite ak endesans koripsyon pèmèt pou pwofite de feblès mantal lamizè pote : soufrans pa dous.

Menmsi nou di MKN pa nan politik, yo ka di nou, n ap fè politik. E sa pa dwe kraponnen nou. Ki moun ki kanpe pou nou vre ? Ki moun ki vle nou viv byen vre ? Ki moun ki pwoteje nou vre ? Nou pa vini pou revandike. Nou bouke fè sa. Nou vini pou selebre. Nou pa vin selebre ak senti—sere dan lache kò. Nou vin selebre ak lèspri.

Nou rèspektè dwa tout moun ki move paske Kreyòl la deranje zòrèy yo e tout moun tou ki anraje dèske pitit yo dwe aprann Kreyòl lekòl. Nou pa bezwen raple yo ni Lafrans ni Kanada pa twò lwen. Nou pa yon mouvman refòmis. Selebre kilti ayisyen nan lang zansèt nou yo, nan lang manman nou, nan lang papan nou ak manman nou se dwa

## KREDO MKN MOUVMAN KILTI NATIF

fondamantal pèp ayisyen. Dayè, yo te denye li dwa sa pandan twò lontan.

Si se vre lide MKN lan soti nan dyaspora a, ak anpil imilite n ap deklare MKN se mouvman pèp Ayisyen pou tout Ayisyen Konsekan. Se pa paspò ki di ki moun yon moun ye vre. Se lanmou yon moun genyen nan kè li pou yon peyi ki nasyonalite li tout bon vre. Lalwa pa di sa, se vre. Men lalwa pa ka pi fò pase lanmou. Dayè, lanmou ka chanje lalwa.

Tankou nan peyi Dayiti, atis Konsekan nan dyaspora a responsab pou fè pwomosyon kilti Ayisyen an an Kreyòl, nan zòn kote li ye a dabò. Aprann konnen moun kote l ap viv la. Se vre nan dyaspora rèsponsabilite yo anpil, n ap mande kominote Ayisyen nan chak zòn pou yo pa neglije jefò atis Ayisyen ap fè pou pataje talan yo ak nou.

Politik pwotèstan yo nan peyi Dayiti e menm nan dyaspora a kreye yon divizyon menm Jezikri pa fè pandan pasaj li sou latè beni. Jezikri te chita pale ak tout moun. Anpil pastè bouke rele monden tout moun ki vle selebre kilti yo menm lè yo pa ale nan bal. Nou pa yon mouvman refòmis. Men nou pa pè idantifye pwotèstan pandan n ap rèspektè fwa yo kòm yon gwo pwoblèm nan selebre kilti peyi nou. Pè Letènèl pa bezwen ni fanatik, ni sòlda, ni moun ki pou defann li. Kwayans yon pèp fè fòs li ! Ak kwa a, ak bib la zansèt nou t ap viv lanfè sou latè—Kolon an te kwè nan Bondje ! Amen !

## **KREDO MKN MOUVMAN KILTI NATIF**

Anplis, nan jounen jodiya, planèt la divize antre ant rich ak pòv, antre ant fò ak fèb. Tout moun sa ki yo ki rich la, tout pèp, tout nasyon ki fò yo ap bwè san moun san rete—Yo tout kwè nan Bondje, e yo di tou yo sivilize. Alò, tanpri souple, MKN gen tout lejitimite li nan kwayans pèp Ayisyen.

MKN ap envite tout Ayisyen ki santi yo Ayisyen toujou, tout Ayisyen ki kwè nan Ayiti toujou, tout Ayisyen ki vle rete Ayisyen toujou, tout Ayisyen ki vle mouri pou jan yo wè Ayiti nan jounen jodiya, tout Ayisyen ki move tankou kong devan sa k ap pase ann Ayiti nan jounen jodiya, tout Ayisyen ki pa wè sa yo k a fè pou gen chanjman ann Ayiti, men sitou tout moun ki devwe pou sètfwasi fòk gen yon mouvman menmsi li pran dizan, ventan, vennsenkan, ki pou mennen Ayiti pi devan. MKN ap envite tout Ayisyen, tout moun ki renmen Ayiti vin selebre kilti Ayisyen ak atis Konsekan nan MKN.